

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

| | |
|------------------|---|
| Nama Sekolah | : SMP GAJAH MUNGKUR 6 NGADIROJO |
| Mata Pelajaran | : Bahasa Jawa |
| Kelas, Semester | : VIII/Ganjil |
| Tahun Pelajaran | : 2020/2021 |
| Kompetensi Dasar | <p>: 3.4 Memahami pesan atau iklan. 4.4 Menyampaikan pesan secara lisan. 4.5 Membaca dan menulis jawa kalimat dengan menerapkan <i>aksara murda, aksara swara</i> maupun wacana tembang Pangkur</p> |
| Alokasi Waktu | : 8 jpl x 30' (4 x pertemuan) |

Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti kegiatan pembelajaran jarak jauh (daring) dan tatap muka, peserta didik diharapkan dapat:

- Melalui diskusi dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat menjawab pertanyaan terkait isi pesan / iklan dengan benar
- Melalui diskusi dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat menjelaskan isi pokok pesan / iklan dengan benar
- Melalui penjelasan guru dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat menyusun kerangka pesan lisan dengan sistematis
- Melalui penjelasan guru dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat menyampaikan pesan lisan dengan runtut
- Melalui diskusi dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat menyalin kalimat dan atau paragraf berhuruf jawa yang mengandung aksara swara maupun aksara murda ke huruf latin, dengan benar
- Melalui diskusi dalam WAG dan tatap muka, peserta didik dapat membaca kembali kalimat dan atau paragraf berhuruf jawa yang mengandung aksara swara maupun aksara murda dengan lancar.

Kegiatan pembelajaran pertemuan pertama dan ke dua

| Tahapan | Kegiatan |
|---------------|---|
| Kegiatan awal | <ul style="list-style-type: none">• Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp dan tatap muka.• Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet dan tatap muka, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami.• Peserta didik mendapat motivasi dari guru.• Peserta didik mendapat apersepsi.• Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran |
| Kegiatan Inti | <ul style="list-style-type: none">• Peserta didik mendapatkan pengantar materi via WhatsApp atau media komunikasi lain dan tatap muka dari guru• Peserta didik menyimak materi yang dikirimkan melalui WAG dan tatap muka• Peserta didik diberi tugas menjawab pertanyaan terkait dengan isi |

| | |
|--|---|
| | <p>pesan atau iklan</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik diberi kesempatan untuk saling berdiskusi/bertanya jawab melalui WhatsApp atau media komunikasi lain dan tatap muka untuk menentukan isi pesan atau iklan • Peserta didik diberi waktu untuk tanya jawab materi yg kurang dikuasai melalui WAG kelas dan tatap muka. • Peserta didik menuliskan isi pokok pesan atau iklan, melalui Microsoft teams dan tatap muka |
| Kegiatan akhir | <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan, memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing. |
| | Kegiatan Pembelajaran pertemuan ke tiga dan ke empat |
| Kegiatan awal | <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp dan tatap muka. • Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet dan tatap muka, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami. • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. <p>Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran</p> |
| Kegiatan inti | <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima penjelasan guru tentang cara menyusun kerangka maupun menyampaikan pesan lisan • Peserta didik menyusun kerangka pesan secara lisan • Peserta didik mengembangkan kerangka menjadi teks pesan lisan atau <i>atur-atur ijeman</i> • Peserta didik mempresentasikan pesan secara lisan, dan hasil rekaman dikirim melalui Microsoft teams dan tatap muka • Peserta didik menerima penjelasan guru melalui WAG dan tatap muka tentang cara menyalin kalimat atau paragraf berhuruf jawa ke huruf latin • Peserta didik menerima tugas melalui Microsoft teams dan tatap muka, menyalin kalimat atau paragraf berhuruf jawa ke huruf latin • Peserta didik membaca kembali kalimat atau paragraf berhuruf jawa, hasil rekaman dikirim melalui Microsoft teams dan tatap muka |
| Kegiatan akhir | <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan, memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing. |
| Penilaian | |
| Sikap | |
| Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal: | Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Siswa (LKS) yang berupa 5 soal esay singkat dengan |
| Keterampilan | |
| Peserta didik menulis dan menyampaikan pesan lisan | |

| | | |
|---|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan maupun mengumpulkan hasil pembelajaran. • bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung. • bertanggung jawab dalam melaporkan hasil pembelajaran | bahasa karma, dan penilaian harian berupa 10 soal pilgan. | |
|---|---|--|

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Mengetahui
Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo



Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

Lampiran 1

Teks Cerita pengalaman pribadi

Iklan nduweni teges ajak-ajak utawa celuk-celuk kang katindakake wola-wali. Lumrahe dibyawarakake lumantar media masa kayata : televisi, radhiyo, layang kabar, kalawarti, lan liyaliyane. Ancas utawa tujuwane nggiyarake iklan, yaiku : menehi keterangan, ajak-ajak, nepungake ngiras nawakake jasa utawa asil prodhuksine marang wong akeh (masyarakat).

Iklan kena diarani *komunikatif* menawa pesen utawa apa wae sing dibyawarakake bisa ditampa lan dingerten dening masyarakat umum. Pilihan tembung lan ukarane kudu trep, ora njlimet, lan gampang dimangerten. Iklan racake dijangkepi mawa gambar.

Bab-bab kang perlu digatekake ing sajrone iklan iku ana rong werna, yaiku :

1. Surasa utawa isi iklan :
 - a. Kudu obyektif lan jujur
 - b. Ringkes lan cetha
 - c. ndudut ati (menarik)
2. Basa iklan :
 - a. Gampang ditampa (komunikatif)
 - b. ukarane ringkes, cetha, lan ndudut ati
 - c. gambare cetha, gampang dimangrteni, ndudut ati, lan nggodha wong nganti kepengin nduweni, kepengin ngerti lan nyoba.
 - d. isine nyata lan ora ngapus
 - e. sipate ajak-ajak.

Iklan iku dibyawarakake kanthi telung cara, yaiku :

1. Iklan radhiyo : iklan kang awujud swara
2. Iklan media cetak : iklan awujud tulisan lan utawa gambar.
3. Iklan televisi : iklan awujud swara, gambar, lan tulisan

Iklan saking radio :


Bapak : “Adhuh bune awakku kok padha pegel kabeh”

ibu : “Kenging menapa to pakne?”

Bapak : “Ora ngerti aku, apa jalarane, rasane kok kaya masuk angin.”

- Ibu : “Oalah bapakne masuk angin ta!”
- Bapak : “Iya bu, awit wingi bengi bali saka Semarang ngeterke barang dagangan”
- Ibu : “Niku pakne mesthi supe ngunjuk obat”
- Bapak : “Iya bune, ben cepet mari dikapakna ya, dipijeti wae piye bune?”
- Ibu : “Oalah gampil yen soal pijet, niki dakdamelke unjukan riyin, supados ical pegel-pegelipun”
- Bapak : “Apa kuwi bune?”
- Ibu : “Niki lho pakne jamu TOLAK ANGIN KOMPLIT, obat herbal kangge masuk angin, ngilangake weteng kembung, weteng lara, nglegakake tenggorokan, njaga kasarasan awak, sarta apik diunjuk nalika perjalanan, awak sayah lan kurang turu. Obat iki didamel saka bahan alami kayata minyak adas, kayu ules, godhong cengkeh, meniran, jahe lan madu. Ayo \pakne diunjuk saniki supados enggal saras.”
- Bapak : “Wah enak tenan bune, awak krasa seger sumringah kaya lebar dipijeti wae.”
- Ibu : “Bener ta omongku, awak dadi seger sumringah amarga ngunjuk TOLAK ANGIN KOMPLIT.”
- Bapak : “Lha olehe tuku ngendi bune?”
- Ibu : “Boten sah kuwatir pak, sakniki saben toko lan warung-warung turut desa sampun wonten, Wong TOLAK ANGIN KOMPLIT niku panceñ empun kondhang lan panceñ cespleng tenan.

(Kapethik saking : <http://belajarbahasajawa2013.wordpress.com/2013/12/12/tuladha-iklan-ing-radio/> Sabtu, 9 Agustus 2014 jam 20.35)



Pesan lisan atau atur-atur lesan

Diutus Pak Lurah

- Arjuna : Kula nuwun?
- Bu Kartolo : Mangga.
- Arjuna : Nuwun sewu, Bu. Kula badhe nyuwun pirsa. Punapa leres punika dalemipun Pak Kartolo?
- Bu Kartolo : Ya bener. Ana kersa apa, Nak ?
- Arjuna : Kepareng badhe matur kaliyan pak Kartolo, Bu.
- Bu Kartolo : Ayo pinarak mlebu kene, lha kae Bapak isih lenggah ing kursi.
- Arjuna : Matur nuwun, Bu. (Arjuna banjur mlebu lan lungguh ing kursi adhep-adhepan karo karo Kartolo)
- Pak Kartolo : Ana kersa apa nak Arjuna?
- Arjuna : Nuwun sewu, kepareng badhe matur. Kula dipunutus Pak Lurah, bilih mangke dalu Panjenengan dipunaturi rawuh dhateng dalemipun, saperlu ndhapuk panitia anggenipun badhe kagungan kersa mantu.
- Pak Kartolo : Tabuh pira?
- Arjuna : Tabuh 19,00 pak.
- Pak Kartolo : Ooo tabuh pitu bengi. Ya wis muga ora ana pembangan, mengko bengi daksowan rana.
- Arjuna : Inggih pak. Awit sampun cekap anggen kula matur, pramila kepareng nyuwun pamit. Matur nuwun
- Pak Kartolo : Ya nak Arjuna, ndherekake.

Lampiran 2

LKPS 1

3.1.1. Menyusun jawaban pertanyaan terkait dengan isi pesan atau iklan.

1. Wangsulana mawa basa krama!
 - a. Pariwara utawa iklan sepisan kasebut saka sapa ?
 - b. Pariwara kang sepisan iku katujokake marang sapa ?
 - c. Apa kang ditawakake ing iklan kasebut ?
 - d. Piguna utawa kasiaté barang kang ditawakake iku apa wae ?
 - e. Barang kang ditawakake kasebut, kasedhiyakake ing ngendi ?

Kunci Jawaban

- a. PT Sido Muncul
- b. Masyarakat
- c. Tolak Angin
- d. masuk angin, ngilangake weteng kembung, weteng lara, nglebakake tenggorokan
- e. toko lan warung-warung turut desa

Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 4, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 5 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20.
skor yang diperoleh

Nilai (1) : ----- X 100

Skor maksimal (20)

LKPS 2

- 4.1.1 Menyusun kerangka pesan lisan
- 4.1.2 Menyampaikan pesan lisan

Soal :

Bocah-bocah coba nulisa teks atur-atur lesan, banjur paragakna !

Saiki enggal tulisen ana ing buku tulismu dhewe-dhewe!

(Minggu ngarep asiling rekaman dikirim lumantar Microsoft teams)

LKPS 3

- 4.1.1 Menyalin paragraf berhuruf jawa ke huruf latin
- 4.1.2 Membaca kembali paragraf berhuruf jawa

Soal :

Bocah-bocah paragraf huruf jawa kasebut salinana mawa tulisan latin.

Saiki enggal tulisen ana ing buku tulismu dhewe-dhewe!

Sawuse disalin mawa tulisan latin, banjur wacanen kanthi cetha !

(Minggu ngarep asile garapan dikirim lumantar Microsoft teams)

Lampiran 4

PENILAIAN HARIAN KD 3.4 , 4.4 DAN 4.5

- I. Piliheng wangsulan sing bener kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara pilihanmu!
1. Sawijine bab kang asipat ajak-ajak utawa celuk-celuk kang katindakake wola-wali, lan lumrahe dibyawarakake lumantar media masa, iku ingaran
 - a. Wara-wara
 - b. Slogan
 - c. Iklan
 - d. Semboyan
 2. Surasa iklan utawa pariwara ngisor iki kang ora trep / komunikatif, yaiku
 - a. obyektif lan jujur
 - b. ndudut ati
 - c. ringkes tur cetha
 - d. tulisane kudu rapi.
 3. Iklan kang awujud tulisan, gambar, lan swara iku lumrah dibyawarakake lumantar
 - a. Televisi
 - b. Media cetak
 - c. Radhio
 - d. Majala
 4. Iklan utawa pariwara ing dhuwur kang dadi ancuse, yaiku
 - a. Nawakake jasa
 - b. Nawakake barang
 - c. Suka keterangan
 - d. Suka pangajak
 5. Tuladha iklan ing dhuwur lumrah kabyawarakake lumantar
 - a. Televisi
 - b. Radhiyo
 - c. Media cetak
 - d. Telepon
- Bagus : Kula nuwun.... (lawang dithothok)
- Pak Teguh : Mangga.... (saka njero Pak Teguh mangsuli, nanging durung mbukakake lawang) Sinten punika, nggih ?
- Bagus : Kula, Bagus....
- Pak Teguh : O... Bagus... (karo bukak lawang) ayo mlebu lungguh neng kursi. (wong loro wis padha lungguh). Padha slamet ta le ?
- Bagus : Inggih.. pengestunipun wilujeng.

Pak Teguh : Piye? Ana apa le... ,kok katone ana sing wigati.

Bagus : Badhe matur Pak Teguh, sowan kula mriki sepisan tuwi kawilujengan, kaping kalihipun kula dipunutus Pak Marjono bilih mangke dalu tabuh setengah wolu panjenengan dipunaturi rawuh dhateng dalemipun, saperlu paring panjurung puji donga anggenipun liru kalpika putra putrinipun ingkang asesilih Ayu Widawati!

Pak Teguh : Ya, daktampa aturmu, muga ora ana alangan aku mengko bengi daksowan..

Bagus : Nggih pak, matur nuwun. Gandheng sampun cekap, kula nyuwun pamit.. (Bagus nuli salaman karo Pak Teguh).

Pak Teguh : Ya sing ngati-atি

- .6. Bapak Rasmuji kagungan hajad apa ? ...
 - a. Sepasaran bayi
 - b. Liru kalpika putrine
 - c. Malakramakake putrane
 - d. Tasakuran lulus sarjana
7. Ukarane Pak Teguh kang sepisan ing pacelathon kasebut, migunakake basa apa ?
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. krama alus
8. Awit sampun cekap wigatosipun anggen kula sowan, pramila kula nyuwun pamit lan matur nuwun Ukara kasebut kalebu perangan apa ?
 - a. Ukara pambuka
 - b. Ukara inti atur-atur
 - c. Surasa basa
 - d. Ukara panutup
9. Paraga Bagus ing pacelathon kasebut, migunakake unggah-ungguh basa
 - a. Ngoko alus
 - b. krama lugu
 - c. Krama alus
 - d. krama inggil
10. Kang ora kalebu perangan atur-atur ijeman, yaiku
 - a. Uluk salam utawa kula nuwun
 - b. Ngaturake wigatine pisowanana
 - c. Nyuwun donga pangestu
 - d. Nyuwun pamit

- B. Kunci jawaban :**
- | | |
|------|------|
| 1. c | 6. b |
| 2. d | 7. b |
| 3. a | 8. d |
| 4. b | 9. c |
| 5. b | 10.c |

C. Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20.

skor yang diperoleh

Nilai (1) : ----- X 100
Skor maksimal (20)